

Trafik moun se yon fòm esklavaj modèn kote trafikan yo itilize fòs, fwod, oswa bay viktim yo presyon pou kapab kontwole yo nan bi pou angaje yo nan komès seksyèl oswa fè moun nan fè travay fòse kont volonte li.

Si w rekonèt youn nan endikatè sa yo, tanpri rapòte aktivite sipèk yo nan **Sant Nasyonal Resous Trafik Moun nan 1-888-373-7888**. Apèl ou an kapab rete konfidansyèl.



Palm Beach County
Board of County Commissioners
Department of Public Safety
Division of Consumer Affairs
50 South Military Trail, Suite 201
West Palm Beach, FL 33415
www.pbcgov.com/consumer
(561) 712-6600

CHOFÈ MACHIN KI POU ANBOCHE YO:

EDE POU SISPAÑN TRAFIK MOUN!



ENDIKATÈ VIKTIM YO

- Yo parèt pentad, enkyè, deprime, entimide, soumi, sou tansyon, nève, oswa paranoyak
- Evite gade w nan je oswa manke sansibilite emosyonèl
- Yon gwoup akonpanye li oswa yon zanmi k ap ba li kontwòl oswa menaj ki pale pou yo
- Gen siy abi fizik tankou kabòs, grafonyen, sikatris, dan ki manke, koupi pwofon, boule, dekoupaj
- Petèt abiye nan yon fason ki pa apwopriye pou tanperati a oswa zòn nan
- Ap viv oswa ap travay nan yon zòn ki gen anpil mezi sekirite

- Gen mwens pase 18 lane epi petèt ap fè komès seksyèl



Si w rekonèt nenpòt nan endikatè sa yo, tanpri rapòte aktivite sipèk yo nan **SANT NASYONAL RESOUS TRAFIK MOU nan 1-888-373-7888**. Apèl ou an kapab rete konfidansyèl.

ENDIKATÈ TRAFIKÈ YO

- Kontwòle tout mouvman viktim lan ak konvèsasyon li
- Ofri w yon poubwa jenere pou koperasyon w
- Mande chofè an rete tann deyò otèl lan, apatman oswa antrepriz lan
- Depoze plizyè gason, fanm oswa timoun nan youn oswa nan plizyè kote
- Depoze menm moun la nan plizyè diferan kote lajounen oswa lannwit (otèl, motèl, spa, salon masaj, konplèks apatman)
- Mande pou yo depoze li deyò oswa nan yon rantrè ki apa ki rete louvri
- Lè yo depoze a, yo transfere moun yo bay lòt moun pou akonpanye yo nan etablisman an